ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№216 (23.624) ● 2017 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 10, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий лэжьыгъэ Іуэхукіэ дыгъуасэ Бахъсэн районым щыІащ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Бахъсэн щІыналъэм и суд Іэхэущіапіэхэр здагъэІэпэхъуа унэм щыІащ, зэзыгъэкІуж хеящІэхэм яІущащ.

- ГУ ЛЪЫБОТЭ унэр зыхуей хуэзауэ зэрызэрагъэпэщыжам. Зэрыгурыуэгъуэщи, зэзыгъэкІуж хеящІэхэм я лэжьыгъэр тыншкъым, икІи а Іэнатіэм пэрытыр и кьаланым пэлъэщын щхьэкІэ зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщын хуейщ. СызэрыщыгъуаззэмкІэ, мы унэм районым и суд Іуэхущіапіи 6-ри дяпэкІэ щылэжьэнущ. Республикэм и адрей районхэми мыпхуэдэ Іуэху щызэфІахьныр сфІэкъабылщ. Щэч хэмылъу, республикэ унафэщІхэм абыкІэ ди кьаланэхэр зэрытхузэфІэкІкІэ дгъэззэщІэнущ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм. - Пэжщ, цІыхухэр къыщыфхуэмыварэзыи щыІэщ, псом хуэмыдэу я Іуэхуэхэр псынщІэу зэрызэфІэмыкІым къыхэкІыу. Арщхьэкіэ, сыщымыуэмэ, илъэс ныкъуэм къриубыдэу ззэзыгъэкІуж хеящІэхэр хоплъэ Іуэху 1500-м нэблагъэм. Куэд елъытащ фи лэжьыгъэм зэрыхэфщІыкІымрэ ар къызэрыффІэІуэхумрэ. Иджыпсту хэт и дежкІи нэрылъагъущ цІыхуэхэр гугъу зэрехьыр. Гуныкъуэгъуэ яІэу зыкъыфхуэзыгъаззэкъм хабзэр фи тегъэщІапІэу, ауэ зэхэщІыкІи фхэлъу я Іуэхуэр зэхэвгъэкІыну сыхуейт.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ, гугъуехьэр щыІэми, республикэм и Іуэхуэхэр зэрефІакІуэр, псом хуэмыдэу хъыкИгъэщащ, мэкъумэшыр, инвестицэмкІэ лэжьыгъэр зэрыкІуатэр. Абы дыщІигъащ иужьрей илъэсхэм республикэм къигъэлъагъуэ зэфІэкІхэмрэ бюджетыр тэмэму зэгъэззэхуауэ къызэригъэсэбэпымкІэ къэралым япэ иг и щыналъэ 20-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыкиубыдар.

КІуэкІуэм дыщІигъуащ 2018 гъэм екІуэкІыну Президент хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырыпхъэр, къэрал лэжьакІуэхэмрэ цІыхухэмрэ сыт щыгъуи апхуэдэ Іуэхуэхэм зэгъунэгъу зэращІыр зыщагъэгъупщэ зэрымыкъунур.

Суд Іуэхущіапіэхэм я лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу, республикэм и Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІым и кьаланэхэр зыгъэзащІэ Тэшу Мухьэмэд. Абы КІуэкІуэ Юрий къигъэгугъащ цІыхуэм я гукъеуэхэм жуэаплиныгъэ яхэлъу сыт щыгъуи бгъэдыхьэну, хабзэм тету я лэжьыгъэр ягъэзэщІэну.

АдэкІэ КЪБР-м и Іэтащхьэр щыІащ Бахъсэн кьаланм и курыт школ № 3-м къыщызэрагъэпэщыжа спорт пэшым, бэнэкІэ зэхэтхэм щалэрыуалэм зыщыхуагъэсэнум.

Шхапіэу щыта, иужькІэ хьэпшып гъэпІыпІыпІэ ящІыжа унэм и унашхьэм къыщыщІэдзауэ бжэ-щхьэгъубжэхэм щыщІэкІыжу елэжьащ. Псыр зэрекІуалІэ бжьамийхэр, хуабэр кьэзытхэр, пьэгухэр зэрахъуэкІащ. Бахъсэн кьаланм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим жиІащ зэрагъэпэщыжа пэшым метр зэбгъуэзнатІэ 240-рэ къызэрыкъэщІиубыдэр, зыхуеину спорт Іэмэпсымэхэр къызэращэхуар.

Апхуэдэ дыдэу школым хэт спорт пэшми (метр зэбгъуэзнатІэ 200 мэхъу) елэжьащ. Ныбжьыщіэхэм дэюдом зыхуагъэсэным ар хуагъэпсащ. Бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэрахъуэкІащ, я щыгъынхэр щызэрахъуэкІыну, зыщагъэпскІыжьыну пэшхэр, тренерым и пэшыр зыхуей хуагъэзащ. Лэжьыгъэхэм псоми ззэхту сом мелуани 5-м нэблагъэ трагъэкІуэдащ, абы щыщу спорт Іэмэпсымэхэм сом мин 400 хухахащ. КЪБР-м и Іэтащхьэм кІыхиигъэщащ лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІуэкІар, адэкІи спорт Іуэхум зэрызрагъэужьыным хущІэкъун зэрыхуэфІр.

КІыкІэлъыкІуэу КІуэкІуэ Юрий еплъащ Бахъсэн кьаланм 2015 гъэм щы гектар 28-рэ зыхухиха зыгъэпсэхупІэ жыг хадэм лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. КЪБР-м и Іэтащхьэр щыгъуазэ зэращІамкІэ, кумбхэр зэрагъэсеину щы кубометр 80-м нэблагъэ ираКІутащ, мы зэманым абы щыгулъ фІыщІэ яшэ.

2017 гъэм «Кьала щыкІуэхэм я паркхэр» программэм хыхьэу мы жыг хадэм нэхъ жыджэру елэжьын щІадзащ. Льэс лъагъуэ метр зэбгъуэзнатІэ 2500-м блиткхэр иралъхьащ, тІысыпІэхэр, уэздыгъэхэр, пхъэнкІий идзыпІэхэр ягъэуващ. 2017 гъэм къриубыдэу абы щагъэтІысащ жыг 600-м нэблагъэ. Хабзэм кьемызэгъ ухуэныгъэу 30 Іуахащ, щІалэгъуалэм спортым зыщыкъуагъэсэну тренажерхэр щагъэуващ. КьищынэмыщІауэ, гуэли 2 ІэрыщІу ящІри, псы ирагъэпъэдащ, зым зыщагъэпскІ, спорт зэпуэуэхэр щрагъэкІуэкІ хъунущ. А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 15-м нэблагъэ. ЗыгъэпсэхупІэр зэрырагъэфІэкІуэнум адэкІи пащэнущ.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ зыгъэпсэхупІэм щыпІэфІ дыдэ зэрыхуахащ, мыпІащІэу, ящІэр тэмэму нагъэсу Іуэхум иужь итыну яжриІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

2017 гъэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьакІуэм и махуэр щагъэлъапІэ щэкІуэгъуэм и 10-м илъэси 100 ирокъу Совет милицэр.

УРЫСЕЙМ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и МВД-м и лэжьакІуэхэм къэрал псом и гъусэу яГъэлъапІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэм-кІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэм и махуэр. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэр къызэгъэпэщыныр ар зэфІэувэныр ди Хэкум и тхыдэм къыгуэхьІпІэ имыІэу пыщІащ.

1917 гъэм къэхъуа Октябрь революцэм и ужькІэ махуищ нэхъ дэмыкІыу РСФСР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и Щыхуэбэ комиссариатым (НКВД) къыдигъэкІащ «Рабочэ милицэм и Іуэхуэкіэ» унафэр икІи полицэр рабочэ милицэ хъущ. Ар щІэдзапІэ хузэхъуащ къэралыщІэм хабзэр щыхъэмэным и лъэныкъуэкІэ щекІуэкІыну лэжьыгъэшхэм. Езы махуэр 1962 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, а илъэсым фокІадэм и 26-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ. Мы махуэшхэм езым и тхыдэ иІэжщ. Щыхуэхэм я щынагъэншагъэр къызэгъэщыныкІэ жэуап зыхь къэрал Іуэхущіапіэ япэ дыдэу 1715 гъэм зэтраухуащ. Абы и лэжьакІуэхэм пащтыхьым яфІищащ «полиц»цІэр. Революцэм и ужькІэ рабочэ милицэр щыпІэ советхэм я унафэм щІэтащ, иужькІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ наркоматым, 1946 гъэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и унафэм щІэуващ.

Зи гугъу тщІы махуэм и тхыдэм мыри щыІдгъужынщ. СССР-р лъэпкъ щхьэгъэпэщыжа спорт пэшым, бэнэкІэ зэхэтхэм щалэрыуалэм зыщыхуагъэсэнум.

Шхапіэу щыта, иужькІэ хьэпшып гъэпІыпІыпІэ ящІыжа унэм и унашхьэм къыщыщІэдзауэ бжэ-щхьэгъубжэхэм щыщІэкІыжу елэжьащ. Псыр зэрекІуалІэ бжьамийхэр, хуабэр кьэзытхэр, пьэгухэр зэрахъуэкІащ. Бахъсэн кьаланм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим жиІащ зэрагъэпэщыжа пэшым метр зэбгъуэзнатІэ 240-рэ къызэрыкъэщІиубыдэр, зыхуеину спорт Іэмэпсымэхэр къызэращэхуар.

Апхуэдэ дыдэу школым хэт спорт пэшми (метр зэбгъуэзнатІэ 200 мэхъу) елэжьащ. Ныбжьыщіэхэм дэюдом зыхуагъэсэным ар хуагъэпсащ. Бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ зэрахъуэкІащ, я щыгъынхэр щызэрахъуэкІыну, зыщагъэпскІыжьыну пэшхэр, тренерым и пэшыр зыхуей хуагъэзащ. Лэжьыгъэхэм псоми ззэхту сом мелуани 5-м нэблагъэ трагъэкІуэдащ, абы щыщу спорт Іэмэпсымэхэм сом мин 400 хухахащ. КЪБР-м и Іэтащхьэм кІыхиигъэщащ лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІуэкІар, адэкІи спорт Іуэхум зэрызрагъэужьыным хущІэкъун зэрыхуэфІр.

КІыкІэлъыкІуэу КІуэкІуэ Юрий еплъащ Бахъсэн кьаланм 2015 гъэм щы гектар 28-рэ зыхухиха зыгъэпсэхупІэ жыг хадэм лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. КЪБР-м и Іэтащхьэр щыгъуазэ зэращІамкІэ, кумбхэр зэрагъэсеину щы кубометр 80-м нэблагъэ ираКІутащ, мы зэманым абы щыгулъ фІыщІэ яшэ.

2017 гъэм «Кьала щыкІуэхэм я паркхэр» программэм хыхьэу мы жыг хадэм нэхъ жыджэру елэжьын щІадзащ. Льэс лъагъуэ метр зэбгъуэзнатІэ 2500-м блиткхэр иралъхьащ, тІысыпІэхэр, уэздыгъэхэр, пхъэнкІий идзыпІэхэр ягъэуващ. 2017 гъэм къриубыдэу абы щагъэтІысащ жыг 600-м нэблагъэ. Хабзэм кьемызэгъ ухуэныгъэу 30 Іуахащ, щІалэгъуалэм спортым зыщыкъуагъэсэну тренажерхэр щагъэуващ. КьищынэмыщІауэ, гуэли 2 ІэрыщІу ящІри, псы ирагъэпъэдащ, зым зыщагъэпскІ, спорт зэпуэуэхэр щрагъэкІуэкІ хъунущ. А лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдащ сом мелуан 15-м нэблагъэ. ЗыгъэпсэхупІэр зэрырагъэфІэкІуэнум адэкІи пащэнущ.

КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ зыгъэпсэхупІэм щыпІэфІ дыдэ зэрыхуахащ, мыпІащІэу, ящІэр тэмэму нагъэсу Іуэхум иужь итыну яжриІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым Азербайджаным и щ Іыхь дамыгъэр кърат

КЪБР-м законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм Егоровэ Татьянэ щахуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ, СССР-м и Ленин саугъэтыр, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зрата Кулиев Къайсын илъэси 100 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм хэтын папщІэ Азербайджаным кьикІа делегацэм хэтхэм.

А МАХУЭМ Парламентым щеблэгъащ «Деде Горгуд» лъэпкъ псапащІэ фондым и президент «Мир Азербайджана» журналыр къызэзыгъэпэща икІи абы и редактор нэхъыщхьэ Исмаилов Эльдар, Азербайджаным и цІыхубэ усакІуэ, Азербайджанхэм я дунейпсо конгрессым и ассамблеем и тхьэмадэ Рустамханлы Сабир, КЪБР-м щыІэ «Азери» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ Дадашев Алий, КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ Гуртуев Сэлихь сымэ.

Парламентым и спикер Егоровэ Татьянэ хьэщІэхэр гуапэу иригъэблагъащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэр ягъэлъапІэну къызэрыкІуам папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

- Кулиев Къайсын КЪБР-м ис лъэпкъхэм я мызакъуэу зэрыщыту ди къэралышхуэм къыщащІыху, сыту жыпІэмэ ар усакІуэ инщ, къызэрымыкІуэ гупсысэкІэ зиІэ цІыхут. Апхуэдэ цІыхушхуэм хуэфащэн пщІэ зэригъэтын и щыхьэтщ фэри мы Іуэхум фыкъыззэрырихьэлІар.

Исмаилов Эльдар къыхигъэщащ Азербайджаным кьикІа псоми зыхэта зэІущІэхэр хуабжьу ягу зэрырихьар. Абы жиІащ «Мир Азербайджана» журналым и къыдэкІыгъуэ щхьэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и усакІуэшхуэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я творчествэм траухуэну зэрамурадыр. Адэкіэ абы къыщІигъуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ лъэпкъым я зэнэбжьэгъуэгъэ гъэбыдэным хуэгъэзауэ куэд зэрызэфІигъэкІам папщІэ Азербайджаным и «Деде Горгуд» псапащІэ фондымрэ «Мир Азербайджана» журналымрэ ягъэува «Мехрибан ана» орденыр къызэрыхуагъэфэщащ.

- Си дежкІэ ар икъукІэ пщІэшхуэщ икІи абы жэуапльныгъэ пыухыкІа си пщэ къыдельхьэ. Дэтхэнэ зы бзылъхугъэм и дежкІи унагъуэмрэ сабийхэмрэ нэхъ льапІэ щыІэкъым. Абы къыхэкІыу мы тыгъэм сэ адэкІи нэхъ жыджэрыжу сылэжьэну сытригъэгушхуэнущ,- къыхуагъэфэща пщІэм и жэуапу жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Ласицкене (Кучинэ) Марие 2017 гъэм Урысейм и легкоатлеткэ нэхъыфІщ

Дызэрыт илъэсым и накъыгъэ-фокІадэ мазэхэм атлетикэ псынщІэмкІэ федерацэм и сайтым Іэтэт иригъэкІуэкІащ спортыр фІыуэ зылъагъуэр, тренерхэр, экспертхэр хэту. Ар теухуауэ щытащ илъэсым къриубыдэу екІуэкІа дунейпсо, къэрал кІуэцІ зэпеуэхэм нэхъыфІ дыдэу хэта спортсменыр нАІуэ къэщІыным. Абы ипкъ иткІэ ятпэ уцыпІэр иубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, илъэс 24-рэ зи ныбжь, дуней псом тІэунейрэ и чемпионкэ, 2014 гъэм дунейпсо щІымахуэ чемпионатым щытекІуа Ласицкене Марие.

Федеральнэ хъыбарегъащІэ агентствэхэм къатахэм япкъ иткІэ.

Н О Б Ь Э

- ♦**Мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэлажьэ щІэныгъэм и дунейпсо махуэщ**
- ♦**Бухгалтерым и дунейпсо махуэщ**
- ♦**ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**
- ♦**Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ**
- ♦**1741 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэщ) Урысейм и канцлер щэджащэу ягъэуващ.
- ♦**1885 гъэм** Германиеми Бад-Канншатт къалэ щыкІым икІыу Унтертюркхайм кІуэ гъэгуанэр зэпичащ дунейм щыяпэ мотоциклым. Ар зэпкърилъхьат нэмыцэ инженер Даймлер Готлиб.
- ♦**1917 гъэм** совет милицэр къызэрагъэпэщащ.
- ♦**1933 гъэм** Нобель и саугъэтыр урыс тхакІуэ, усакІуэ Бунин Иван хуагъэфэщащ.
- ♦**1938 гъэм** дунейм ехыжащ Тырку Республикэм и къызэгъэпэщакІуэу икІи абы и япэ президенту щыта Кемал Мустэфа (Ататюрк).
- ♦**1982 гъэм** Брежнев Леонид дунейм ехыжащ.
- ♦**1935** гъэм Орджоникидзе къалэм (иджыпсту Владикавказщ) къыщыздзІуахащ Осетие Ищхъэрэ къэрал театрыр.
- ♦Авиаконструктор, академик, генерал-полковник, Социалист Лжэныгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь, Ленин саугъэтымрэ СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (тхуэнейрэ) зыхуагъэфэща **Туполев Андрей** къызэралъхуэрэ илъэси 129-рэ ирокъу.
- ♦Совет конструктор, генерал-лейтенант, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Калашников Михаил** къызэралъхуэрэ илъэс 98-рэ ирокъу.
- ♦Къэбэрдей шыхъуэ, Социалист Лжэныгъэм и ЛІыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат** къызэралъхуэрэ илъэс 91-рэ ирокъу.
- ♦Италием щыщ композитор, дирижёр цІэрыІуэ, кинофильм куэдым макъамэ телъыджэхэр яхуэзытха **Морриконе Эннио** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.
- ♦Журналист, тхакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыщІэхь зиІэ и лажьакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта **Шыбзыхъуэ Мухьэдин** къызэралъхуэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.
- ♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и ректору щыта, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къарэмырзэ Барэсбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
- ♦Актёр, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Ефремов Михаил** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.
- ♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.
- ♦Урысей футболист, къэралым и командэ къыхэхами ЦСКА-ми я гуащхьэтетхэм я тренер **Овчинников Сергей** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.
- ♦Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, хьэрычэтыщІэ икІи жылагъуэ лъжьакІуэ, «ТЭФИ» саугъэтыр тІэунейрэ зрата **Канделаки Тинэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налышк уфаэ щыщытыныщ, уэшх тІэкІу къыщІешынущ. Хуабэр мазэм градусыр 7 - 8, жэщым градусы 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къупщхьэр псэумэ, лы къытокІэж.

2017 гъэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьакІуэм и махуэр щагъэлъапІэ щэкІуэгъуэм и 10-м илъэси 100 ирокъу Совет милицэр.

● **Щэкіуэгъуэм и 10-р Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ**

Жэщ-махуэ зимыІэ къулыкъу

УРЫСЕЙМ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкіэ и МВД-м и лэжьакІуэхэм къэрал псом и гъусэу яГъэлъапІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэм и махуэр. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэр къызэгъэпэщыныр ар зэфІэувэныр ди Хэкум и тхыдэм къыгуэхьІпІэ имыІэу пыщІащ.

1917 гъэм къэхъуа Октябрь революцэм и ужькІэ махуищ нэхъ дэмыкІыу РСФСР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и Щыхуэбэ комиссариатым (НКВД) къыдигъэкІащ «Рабочэ милицэм и Іуэхуэкіэ» унафэр икІи полицэр рабочэ милицэ хъущ. Ар щІэдзапІэ хузэхъуащ къэралыщІэм хабзэр щыхъэмэным и лъэныкъуэкІэ щекІуэкІыну лэжьыгъэшхэм. Езы махуэр 1962 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, а илъэсым фокІадэм и 26-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ. Мы махуэшхэм езым и тхыдэ иІэжщ. Щыхуэхэм я щынагъэншагъэр къызэгъэщыныкІэ жэуап зыхь къэрал Іуэхущіапіэ япэ дыдэу 1715 гъэм зэтраухуащ. Абы и лэжьакІуэхэм пащтыхьым яфІищащ «полиц»цІэр. Революцэм и ужькІэ рабочэ милицэр щыпІэ советхэм я унафэм щІэтащ, иужькІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ наркоматым, 1946 гъэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм и унафэм щІэуващ.

Зи гугъу тщІы махуэм и тхыдэм мыри щыІдгъужынщ. СССР-р лъэпкъэжа нэужь, абы и фІэщыгъэм зихуэжащ - Урысей милицэм и махуэ. Илъэс куэд дэкІауэ, 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м «Полицэм и Іуэхуэкіэ» законыщІэм кьару игъэтащ, икІи Урысей Федерацэм и Президентым а гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къыдигъэкІа Указ №1348-м ипкъ иткІэ щэкІуэгъуэм и 10-р - УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэр ягъэуващ.

Къэрал псом и хабзэхъумэхэм я гъусэу, гъэгуанэшхуэ кьикІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и милицэми, етІанэгъэ зи илъэси 100-р зыгъэлъапІэнэм.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм щыхъэ пылъу ягъэзащІэ къапэщыт къаланхэр, ди цІыхуэхэр яхъуэжьащ. Ди къаланыщ цІыхуэхэм я гъащІэр къезыгъэлэхэр, Урысей щыналъэр зыхъумэжэр, экстремизмэм пэщІэтхэр тщымыгъупщэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ягу илъынущ республикэ МВД-м и лэжьакІуэхэу зи кьаланэ зыгъэзащІэу хэкІуэдахэр.

Тыншкъым хабзэхъумэхэм я дежкІэ ди зэманри. Абыхэм жэщ-махуэ ямыІэу яхъумэн хуей мэхъу къралымрэ жылагъуэмрэ я шынагъуэншагъэр, цІыхуэхэр мамыру псэун щхьэкІэ яхузэфІэкІ кьагъанэркъым.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм, мы зэманым лажьэхэми, я ныбжьым елъытауэ Іэнатіэм Іукіыжахэми, я махуэмкіэ дохъуэхъу. ЕхъулІэныгъэрэ узынщагъэрэ фиІэну ди гуапэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэм нрихьэлІэу дгъэхьэзыра тхыгъэхэм 2-нэ напэкІуэцІым фыкъыщедж.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщІэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэлІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Мазибгъу лэжьыгъэ

КъалэныщIэхэр яубзыху

КъБР-м къэрал кIэуцI Iэухухэмкlэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь иригъэкIуэкIащ дызэрыт илъэсым и мазибгъум я лэжьыгъэм къарикIуахэм теухуа зэIущIэ.

АБЫ ХЭТАЩ республикэ МВД-м и IэнатIэхэм, Урысей МВД-м и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр.

Министрым и къуэдзэ - полицэм и унафэщI, полицэм и полковник **Мамхэгъ Назир** тепсэлъыхьащ министерствэмрэ абы и къудамэхэмрэ мазибгъум зэфIагъэкIа лэжьыгъэм.

Къызэрыхигъэщащи, республикэ МВД-м и лэжьыгъэр тегъэщIауэ щытащ хабзэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным.

Мазибгъум процент 11,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ щIэнхъаджагъэу ятхар, абы щыщщ хьэлъэ, хьэлъэ дыдэхэри (проценти 4,7-кIэ) укIыгъэр (процент 13,6-кIэ), теуэнымрэ хъунщIэнымрэ (процент 60-кIэ, процент 12-кIэ зэрызэкIэлъыкIуэу).

Жылагъуэ хабзэмрэ гъэгум шынагъуэншэу щызэкIуэнымрэ теухуауэ я лэжьыгъэм къарикIуахэм кьуетеувыIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **КIэрэф Робертрэ** республикэ МВД-м и ГИБДД-м и управленэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и подполковник **Нэгъуей Юрэрэ**.

ЗэIущIэм кьыщыпсэлъа унафэщIхэм кьагъэлъэгуащ я нэIэ щIэт Iэнатlэхэм лэжьыгъэр щефIэкIуэн папщIэ щIапхъэр.

Къэрал кIуэцI Iэухухэмкlэ министр Ромашкин Игорь ахэр гъэзэщIэныр абыкIэ жэуап зыхь лэжьакIуэхэм кьалэн ящищIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Хэт зэпеуэм щытекIуар?

«Си адэ-анэр полицэм щолажьэ»

КъБР-м щыIэ МВД-м къыщапщытэжащ республикэм щекIуэкIа «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» сурэт зэпеуэм къарикIуахэр икIи ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ1экIыу щы къыхахащ кIэух зэпеуэм ирагъэхьыну.

МВД-м кьыIэрыхьат илъэси 6 - 14 зи ныбжь сабийхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ кьалэхэмрэ я творческэ гупхэм я Iэдакъэщ1экI 30.

КъБР-м щыIэ МВД-м и деж щылажьэ Жыл-магъуэ советым и унафэщI **Балъкъыз Валерэ**, республикэ МВД-м и полицэм и унафэщIым жылагъуэ хабзэр хъумэнымкlэ и къуэдзэ, полицэм и полковник **КIэрэф Роберт**, КъБР-м щыIэ МВД-м и полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныimmкIэ, балигъ мыхъуахэм я Iэзэгъэшlэныныкlэ, балигъ мыхъуахэм я Iэзэгъэшlэныныкlэ, балигъ мыхъуахэм я Iэдакъэщ1экIыу щы къыхахащ кIэух зэпеуэм ирагъэхьыну.

МВД-м кьыIэрыхьат илъэси 6 - 14 зи ныбжь сабийхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ кьалэхэмрэ я творческэ гупхэм я Iэдакъэщ1экI 30.

КъБР-м щыIэ МВД-м и деж щылажьэ Жыл-магъуэ советым и унафэщI **Балъкъыз Валерэ**, республикэ МВД-м и полицэм и унафэщIым зыгъэхьэзыра Косяченкэ Елизаветэ (илъэси 10), Май кьалэм дэт гимназие №1-м щеджэм. Ещанэ зэпIэр хуагъэфэщащ «Си мамэ офицерщ» сурэтыр зыщIа Ситкалиевэ Сабинэ (илъэс 13), Прохладнэм и гимназие №1-м щеджэм.

Жюрим гулъытэ хуащIащ Пщыкъан Хьэжмэт (илъэси 6, МКОУ СОШ №91, Бахьсэн кьалэ), Налшык кьалэ и курыт еджапIэ №19-м и ДСО №21-м и гъэсэн цIыкIу Щоджэн Аидэ (илъэси 6) игъэхьэзыра «Си адэ-анэр полицэм и лэжьакIуэщ» лэжьыгъэхэм.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

Музейм зыщаплъыхь

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iэухухэмкlэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу республикэ ОВД-м и ветеранхэм Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техническэ колледжым и студентхэр ирагъэблагъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и музейм.

СТУДЕНТХЭМ яфIэгъэщIэгъуэну зыщаплъыхьащ музейм, КъБР-м щыIэ МВД-м унафэщIхэм ядэлпжьэныкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Черновэ Алёнэ ахэр щыгъуазэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кIуэцI Iэухухэмкlэ и органхэм я тхыдэм, МВД-м и лэжьакIуэхэм къагъэлъэгуа лIыгъэм. ЕджакIуэхэм ирагъэлъэгуащ хабзэхъумэм и фащэр, Iэщэр, лэжьыгъэкIэ зыхуеину Iэмэпсымэхэр.

Адэкlэ щIалэгъуалэр ирагъэблагъащ Iэфыкlэ зыIуагъэхуэну, МВД-м и ветеранхэу тIысыжауэ зызыгъэпсэху, полицэм и полковникхэу Шипилов Валерийрэ Шэджэм Залымджэрийрэ бгъэдагъэсыну. Мы Iэухум хэтащ и кьалэн игъэзащIэу хэкIуэда, полицэм и подполковник Букин Анатолий и анэ Букинэ Елени. Нэхъыжьхэм щIалэгъуалэр кьыхураджащ Хэкум зиужьыным, ди щIыналъэм мамырыгъэр щыхъыжьным хуэщхьэпэу дунейм тетыну, Iэщlагъэ, щIэныгъэ зрагъэгъэуэтыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техническэ колледжым и куратор Атэлыкъ Маринэ езыгъэблагъэхэм фIыщIэ яуиущIащ, колледжым и унафэщIхэм щIалэгъуалэр тэмэму гъэсэным гулъытэшхуэ зэрыхуащIри кьыхигъэщащ.

ЗэIущIэм хэта студентхэм ираташ Урысей МВД-м и дамыгъэр къызытещ фэеплъ сувенирхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущlапlэ.

Гуфlэгъуэр зэдагъэлъапlэ

● Пшыхьхэр

90 60

Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниим и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр кьызэрызIуахрэ (телевиденэр ильэс 60, радиор - 90) зэрырикьур иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

УРЫСЕЙПСО къэрал телерадиокомпаниим и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и гуфIэгъуэр дагъэлъэпIащ Iэухущlапlитlым - «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК»-мрэ «Налшык» ОРТК-мрэ я лэжьакIуэхэм.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ телевиденэм и лэжьакIуэхэу **Васин Владрэ Тиловэ Алинэрэ**. Абыхэм зэхьихьэ гуапэм зыкъэзыхьэпIаэхэр ирагъэдэIуащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр ВТК»-мрэ радиомрэ кьакIуа гъуэгуанэм, лэжьакIуэ нэхъыфIхэр кьыззрыахаам, Iэухущlапlэхэм зэрызаужьамрэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ, нэхъапэм я лэжьыгъэм Iэуху зэIумыбзэр хэтамэ, иджы нэхъ зэIуэзэпэщ зэрыхъуам, Iэмалыщ1эхэм зэрыхуэкIуам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтIар республикэм исхэр зыбарыщIэхэм бзищымкlэ щыгъуазэ щIынырт, щIыналъэм и экономикэм, политикэм, узынщагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, гъэздэджэм, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщI унэтIныныгъэхэм зэфIэкIхэр щызиIэ цIыхухэм я ехъулIэныгъэхэр, хьыбар гуапэхэр абыхэм я деж нэхьэсынырт. 2004 гъэм абыхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэщIэхэр халъхьащ.

Экранымкlэ къагъэлъэгъуащ телевиденэм и архивым щахъымэ, тхыдэр зи лъабжьэ телефильмхэм, нэтын зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ пычыгъуэхэр. Апхуэдэу къызэхуэсахэр ирагъэлъпащ Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм илъэс куэдкIэ хуэлэжьахэмрэ а Iэнатlэр ноби езыгъэлъэпкъыбзэхэмкlэ я IэщIагъэм теухуа я Iэуэу ефIыкIэхэр, Iуэху зэIумыбзэр, фIагъэр, зэхъуэкIыныгъэхэр кьыщыгъэлъэгъуахэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ **Кьардэн Мурат** республикэм и телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакIуэхэм защхьхуигъаазэм, кьыхигъэщащ, я гуфIэгъуэр ядигуэшыну зэригуапэр, эи юбилейр ягъэлъапIэ Iэухущlапlэм кьикIуа гъуэгуанэм кьриубыдэу щыналъэм ис цIыхухэм я гъащIэм пыщIэныгъэ и нэхуаIэу кьызэрекIуэкIыр. Абы игу кьигъэкIыжащ радио, теленэтын зэмылIэужьыгъуэхэм кьызэрыщIэтэджыкIар, нэхъапэм республикэм и щIыпIэ псори радиорэ тедевиденэкIэ кьазэхуэмыгъэпэщу щытамэ, иджы дэтхэнэ зы унагъуэми ахэр зэрылъагъэIэсар зэрыгуапэр, хьыбар гуфIэгъуэхэр, гузэвэгъуэхэр а зы Iэмалымкlэ япэм кьаIэрихьэу зэрыщытар. Кьардэным фIыщIэ яхуищIащ телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакIуэхэм, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым папщIэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зи юбилейр зыгъэлъапIэ радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэм республикэм и депутатхэм я цIэкIэ ехьэхъуащ узыншагъэ быдэ, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэу республикэм и ныбжьегъащIэ Iэнатlэм и илъэс куэдкIэ хуэлэжьэну, Iэухущlапlэм адэкIи зрагъэужьыну, фIагъ куэд зыхэлъ, гуапагъэкIэ, дахагъэкIэ, гъэсэныгъэкIэ гъэнщIа я нэтынхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм яхущхьэпэну.

УФ-м и ФСБ-м КъБР-м щиIэ и Управленэм и унафэщI **Максимов Максим** кьыхигъэщащ бзищымкlэ хьыбарыщIэхэмрэ нэтынхэмрэ зыгъэхьэзыр телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыр зэрыуасэнщэр, зи Iэщlагъэм хуэIэижь, Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм хуэIэзэ, зыпэрыт Iэнатlэр фIыуэ зыльъагъу журналистхэм, дикторхэм, техникэ лэжьакIуэхэм зэманым кьигъэув щIэхэм зыдрагъэкIуу, республикэм и хьыбарегъащIэ Iэухущlапlэхэр зэрырагъэфIэкIуэным, къэралым, дунейм и кьэхъуькъащIэхэм зэрыщагъэгъуэзэным, лъэпкъхэр, жылагъуэр зэхъуэгъуэвэным я кьарур, дапщэщи хуэдэу, зэрырахьэлIэнум шэч кьызэрытримыхьэр.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ **КIарэ Елдар** зи лIыкIуэ Iэухущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм кьабгъэдэкIыу псалъэ гуапэхэмкlэ захуигъэзащ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм.

КъБР-м и Щэнхабзэмкlэ и фондымрэ «Налшык» ОРТК-мрэ я унафэщI, журналист, кинорежиссёр цIэрыIуэ **Вэрокъуэ Владимир** кIэщIу кьытеувыIащ оператор цIэрыIуэ Буслик Юрий и гъусэу триха «Кабардино-Балкария сегодня» и япэ фильмым, а лэжьыгъэм къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIэныгъэкIэ щIэупщIэшхуэ зэрыщиIам. Апхуэдэу Вэрокъуэр тепсэлъыхьащ а япэ фильмым нэгъуэщI куэд къызэрыкIэлъыкIуам, ди республикэм киностудие зэрыщамыухуар жагъуэ зэрыщыхъум.

- Телевиденэм хуэдэу, радиоми сэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Си адэ Хьалид радиокомитетым и унафэщIкэм ящыщ зыуэ щытащ. И лэжьэгъуэхэм я гъусэу абы и кьарур ирихьэлIащ республикэм симфоние оркестр кьыщызэгъэпэщыным, - жиIащ Вэрокъуэм. - Илъэс 57-рэ хьуауэ телевиденэм сыхуэпэжщ. Дауи, ди Iэнатlэм зы цIыхум и кьарукIэ зыри щыпхуэзэфIэкIынукъым, ди лэжьыгъэр апхуэдизкIэ зэпыщIащи. Фильми 170-м нэблагъэ къыщIэзэхьулIар цIыху щэ бжьигъэм ди зэфIэкIкIэр зэрызэхъуэдгъуэварщ. Си фильмхэр зытеухуар, абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар фIыуэ слъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрырщ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пшыхьым щыщ Iыхьэ «Отцы и дети» ток-шоуум и программэм тету яухуащ Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниим и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и «Отцы и дети» ток-шоур кьызэзыгъэпэщахэу икIи ар езыгъэкIуэкIхэу **Хьэмжу Ларисэрэ Пщыгъуэш Тимуррэ**. Абыхэм ягу кьажащIыжащ телевиденэмрэ радиомрэ я лъабжьэр зытеухьыпъахэр. А нэхъыжьхэм я лъагъуэм ирикIуа, илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ телевиденэмрэ радиомрэ хуэлэжьахэмрэ нобэ а Iэнатlэм пэрыт щIалэгъуалэмрэ яхэупщIыхьащ абыхэм я зэпыщIэныгъэхэр, я лэжьыгъэм ехьэлIа я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр, я епIыкIэхэр зыхуэдэм теухуауэ. Псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм Iэухущlапlэм и тхыдэм, и зыужьныгъэм, я Iэнатlэм хуэIа жэуапныныгъэм, лъагъуныгъэм теухуауэ щIэныгъуэм куэд кьаIуэтэжащ. ЩIалэгъуалэм я гуапэу кьыхагъэщащ лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ яхуэхъу я ветеранхэм зэрыдэпIыбэйр.

- Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и нэтынхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм игъэхьэзырхэм ебгъапщэмэ, иужьрейхэм цIыхухэм гукъыдэж зэрыратыр, я дэрэжэгъуэм зэрыхагъахъуэр гуапэщ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. - Телевиденэмрэ радиомрэ гъащIэм сыхухрагъэджащ. Си лэжьэгъуу щыта дэтхэнэми фIыщIэ фхуэщI.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Дау Марьянэ** кьыхигъащащ республикэм и хьыбарегъащIэ Iэухущlапlэхэм лъэпкъыбзэхэмкlэ нэтын гъэщIэгъуэнхэр ягъэхьэзыріну Iэмал зэраIэр, щIыналъэ куэдым зэкIэ я хьэпсапIэу щыт а Iуэхур кьызэрыдэхъулIар насыпышхуэу кьызэрилъытэр, цIыхубэм я гукъыдэжыр зыхуэдэнур абыхэм я деж нахьэс хьыбархэм куэдкIэ зэрелытар, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваевэ Разиятэ** жиIащ зи махуэр зыгъэлъапIэ Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я литературэбзэр кьызэгъэпэщыным, Iуэрыlуатэр хьумэным, гъэздэджэм, щэнхабзэм, литературэм зегъэужьыным я Iэзэгъуэ Iэзэгъуэ зэфIигъэкIа лэжьыгъэм и мыхьэнэр кьызэрылъытэгъуэйр.

- Радиомрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэр ящыщщ щалъхуа щIыналъэм и тхыдэр зыухуэхэм. ЦIыхубэм пыщIэныгъэ быдэ хуэпIа я Iэухущlапlэхэм я гуп зэкъуэтхэм я зэфIэкIхэм срогушхуэ, - жиIащ «Волгоград ГТРК» телеканалым и унафэщI **КIэрашэ Аслъэнбэч**. - Къэбэрдей-Балъкъэрым ныбжьэгъу куэд зэрыщызиIэм срогушхуэ. Я махуэшхуэм ирихьэлIэу си лэжьэгъуэхэм Iэмалыфl яIэщ кьакIуа гъуэгуанэм ириплъэжыну, зэфIагъэкIахэмрэ зрагъэжьулIахэмрэ кьэпщытэжыну, кьэлэнхэр яубзыхуну. Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и къэкIуэнур зэрыдахэр, ар ехъулIэныгъэрэ зыужьныныгъэкIэ зэрыгъэнщIар быдзу си фIэщ мэхъу!

«Алания» телеканалым, «Ингушетия ГТРК-м», «Ставрополье ГТРК-м» я лIыкIуэхэм зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ я лэжьэгъуэхэм зыхуагъэзащ узынщагъэ, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэну икIи саугъэтхэр тыгъэ хуащIащ. Апхуэдэу хьэщIэхэм кьыхагъэщащ Iэухущlапlэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ дяпэкIи нэхъ зрагъэубгъуну, зэкIэлъыкIуэну зэрагуапэр.

УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ, республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ, Курортхэмрэ туризмэмкlэ, Мэкъумэш хозяйствэмкlэ, Узынщагъэр хьумэнымкlэ, Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэухухэмкlэ и министерствэхэм, щIыналъэм Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым, УФ-м и ФСБ-м КъБР-м щиIэ и Управленэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIалэгъуалъэ зэгухьэныгъэм, Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниием я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэтхэр зыхуагъэфэщащхэм иратыжащ.

Зэхьыхьэм хэтащ ДАХ-м и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI, усакIуэ **Къаныкъуэ Заринэ**, республикэм и Iэухущlапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэу Текуев Амур, Ракитинэ Иринэ, Абэнокъуэ Рустам, КъБР-м и Къэрал музыкэ театрым и хорым, «Балкария» Iуэрыlуатэ-этнографие къэрал ансамблым, «Синяя птица» ныбжьыщIэхэм я урысейпсо зэпеуэм и лауреатхэу «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым и къэфакIуэ Абазэ Муратрэ Жанхъуэтекъуэ кьуажэм и курыт еджапIэм и еджакIуэ Джаппуевэ Лейлэрэ, нэгъуэщIхэми.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Зыми емыщхь Къардэн Барэсбий 90

Къардэн Барэсбий Нартсанэ зыщегъэпсэху. *1980 гъэ*

Іуащьэмахуэ щыналъэ потребкооперацэм и лэжьакІуэ пашэ гуп, Къардэн Барэсбий ахэту. *1995 гъэ*

Къэбэрдейм зы къуажи щыІэу къыщІэкынкьым Къардэнхэ зыдэмыс. А лъэпкъ хъарзынэр Зеикъуи щопсэу - дахэу, нэхъыжь и жыІэ тетрэ нэмысыр зи лъабжьэ насыпыр яІэу. Къардэнхэ Мусэрэ КІунэрэ - псэ дахэрэ гу къабзэрэ зиІахэм - я ныкъо ахъыр зэмант Барэсбий. Адэ-анэри къуажэри къыззыщыгугъауэ къыщІэкІащ ар. Псэужамэ, мы махуэхэм Барэсбий илъэс 90 ирикъунут. Дунейм зэрехьжри куэд щІакъым - махуэ 57-рэ дэкІаеуэ араш.

ХэКУ зауэшхуэр екІуэкІыт. Бийр СССР-м и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІи КавказымкІи къыкІуэцІритхъыну къеІэт. Мамыр гъащІэм еса совет цІыхухэр гузавэрт: зи ныбжь нэса псори фронтым кІуат, кьэнахэм загъэбыдэрт, лыгъей мафІэм пэрымыуэфахэм, партизан гуп кьызэрагъэпэщауэ, цІыхухэмрэ мыпхъумрэ яхъумэрт.

Бахъсэн щыналъэм и партизан гупым псы адрыщІымкІэ зыщигъэбыдэрт. Зеикъуэ къуажэм щызэхэт колхозым мэлуи, былымуи, шыуи иІэр ЛашкІутІащхьи, Тырбыщыкіми, Уэтэрыжьми щаІыгът. Унафэр Іэщіэлъат колхозым и тхьамадэ Къэрмокьуэ Мухьэмэд. Мэщыкъуэ и къуэм. Арат ди зауэлІхэм хуахъумэ мэлри Іэщри къыплкІэ абыхэм езытыну хуитыр.

Зэман дэкІри, Іэщым и ныкъуэр мэз щІагъкІэ Куржы лъэныкъуэмкІэ яхуащ. Уэтэрыжьым пэгъунэгъуу щыс БгъэжнокьуэТамбий и мэл щыІэм тес Къардэн Мучэзир зэрежьэнум зыхуигъэхьэзырыри къуажэм къехьэжри, абы и къуэш нэхьыщІэ, илъэс 14-м ит Барэсбий, Тамбий и къуэ Хьэсэн гъусэ ищІри, а мэл пщыІэм Іэпыдзлъэпыдзу зэманкІэ тесыну дишащ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Зеикъуэ къыщысым, партизанхэр иКІуэтри, адрыщІымкІэ щыІэ ПокІагуэ, Афэбг мэз Іуфхэм зыщагъэбыдащ. Пэгъупжьхэм я мэлхэр, былымхэр ягъэІэпхъуэри, Къардэн Мучэзири я гъусэу, партизанхэр здэщыІэм пэгъунэгъу защІащ. А Іуэху псори щекІуэкІыр 1942 гъэм и жэпуэгъуэ, щэкІуэгъуэ мазэхэрат.

1943 гъэм и пэщІэдзэм, нэмыцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужри, колхозыр зэфІагъэувэжащ. Абы и унафэщІу Къэрмокьуэ Мухьэмэд аргуэру хахьжащ. Балигъхэр зауэм щыІэщи, щІалэгъуалэм кьыхжаныкІахэр еджакІуэ ягъэкІуэну кьыхах. Абыхэм яхэтщ Къущхьэ Гъумар, Къалмыкъ Мухьэб, Къэрмокьуэ Малил, Къардэн Барэсбий. Барэсбийрэ Мухьэбрэ Налшык дэт мэкъумэш техникумым Іэщ дохутыру щоджэ, Гъумар пединститутым щІотІысхьэ.

Къыгъэзэжа нэужь, Барэсбий гъэш фермэм учётчикуэ яГъуэр. ЩІалэщІэм абы щІэныгъэкІи, лэжьыгъэкІи, жьыджарагъкІи фІыуэ зыкъыщІегъэпльагъуэ. Илъэс зыщыпІ докІри, Къардэныр колхозым Іэщу иІэм я учётчик нэхьыжь ящІ. Къэрмокьуэ Мухьэмэд совет зауэлІхэм тхьылъкІэ ярита быламхэр къэрал унафэкІэ Іэщ гъэхьэзырыпІэм къыплахэ. Жэуапльныгъэ зыпылъ Іуэхур и пщэ ирагалъхьэ Барэсбийрэ Хьэцыкіу Мухьэмэдрэ.

Къардэныр ящыщт зауэм кьызэринэкІа зэман хэльъэр емызэшыжу къарукІи псэкІи зыгъэунэху щІалэхэм. Ар яхэтащ жэмкІэ, шыдкІэ вахэм, зауаем зэхикьтахэр зэзэгъэпэщыжахэм.

1947 гъэм Барэсбий ираджэ дзэм кьулыкъу щищІэну. Илъэси 4 ноужьым, пщІэрэ щытхъурэ иІэу кьеГъэзэжри, и Іэнатіэм пэроувэж. ЩІалэм и зэфІэкІым зэрызэхуэам нэхъыжьхэм гу лъатэри, ар гъэш фермэм и унафэщІу яГъэув. Абы кьохъулІэ жэмищ къэс шкІэуэ 100 кьыщІэгъэхъуэнри. Гъэшу къашьи и фІагъыбжэ и куэдагъыжрэ хальъэхэри, Іуащьэмахуэ и районым фермэу итхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр щаубыдащ.

Колхозым и унафэщІэхэм ящыІэ ящІ балигъ ныбжьым иува щІалэ жьыджэрым и гъэзур хуэзІуахыну, абы хуэзфІэкІыну псори къужажэжь Іумахуэм щиучъэдиин папщІэ. Еджапіэ нэхъыщхьэ яГъэкІуэну щыжрадІэм, Барэсбий нэхъыжьхэм фІыщІэ яхуещІ. Езым фІэкъабылу къыхиха бухгалтер Іэщіагъэм хуоджэри, Зеикъуэ къегъэзэж. Ар гъэхьэзырапкІэ министерствэм и лІыкІуэм джеч бухгалтер нэхъыжьу, иужькІэ Заготживсырьем и бухгалтер нэхъыщхьэу мэлажьэ.

Кировым и цІэр зезыхьэ колхозыр зыбжанэрэ зэгуэкІащ икІи зэгуэкжащ. Хозяйствэр 1956 гъэм аргуэру зэгуокІ. Иущхъэрэ колхозым и унафэщІу Пщыгъуэтыжь Абубэчыр яГъуэр, парт бюром и секретару Къардэнырэ хах.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Барэсбий Орджоникидзе дэт бгырыс мэкъумэш институтым щІотІысхьэри, агроном Іэщіагъэр иІэу ар фІы дыдэу кьеуэ.

1959 гъэм колхозитІыр зэгуагъэхьэж. Иджы абы и унафэщІыр Жылау Мурат, Къардэнырэ партномым и секретар.

БАРЭСБИЙ лІыпІэ ивуащ, и щІэныгъэми Іэпымыуэгъэ хигъахъуэ. Кьежьыпіэхэм ар бгъэдащэ кьулыкъым и пкІэлъейм. Лэжьыгъэм щиІэ жэуапльныгъэм зэрыпэлъэщыным и щІыхьэту, аргуэру зы колхозу зехьэгъуэят хуену щхьэусыгъуэ зыхуащІар тІу ящыкъэри, ищхъэрэм, Кировым и цІэр зезыхьэм, и тхьамадэу Къардэн Барэсбий, ипщэм - Согуэ Асльэнбий яГъэув.

Зэманыр макІуэ, ГъащІэм зыужьыныгъэхэр кьыщохъу. Ипщэ колхозым и унафэщІыр нэгъэщІ лэжьапІэ яГъакІуэ, абы и ужькІэ колхозым и Іуэхур зэІохъэ. Ищхъэрэ хозяйствэм, Къардэныр зи унафэщІым, зеужь. 1964 гъэм ар хуокІуэ лэжьапщІэр ахъшэу тыным. Илъэс нэужьым колхозыпІыр аргуэру зэгуохъэж. Абы «Зеикъуэ» фІащ. Колхозхэтхэм я зэхуэсым зэдзаэрэзыуэ унафэщІу къаГъэпэльэгъуэ Къардэн Барэсбий. Зыуэ зэгуохьэжа колхозитІыр лэжьапщІэр ахъшэу тыным хуокІуэ, ар тэмэму зэшэлІэжьыным, нэгъуэщІ куэди я пІэ иГъэтІысхьэжыным гугъуехь кьешэ. Къуажэкъум хуэзэу правлензм и унэр щыщІын хуейт. Абы хэту Іуащьэмахуэ районыр 1962 гъэм Бахъсэн щыналъэм гуагъэхьэжри, ар зыщІэса уншхуэм правлензри, кьуажэ Советри мэлэпхъуэ. Колхозым и правлензмрэ зэхуэсыхуэмрэ унафэ кьащтэ хозяйствэм и лъежьагъэ, и псэуныгъэр лъагъуэщІэм тегъуэвауэ зегъэужьын хуейуэ. Псом япэу яухуэ жэмхэр, мэлхэр, щыхэр зыщІэтэну псэуалъэхэр, щхьэп, джэдкъэз фермэшхэр, нэгъуэщІхэри. Техникэм теухуауэ кьежьа Іуэхугъуэ псори яГъэзащІэ. Арати, гъавэм и бэвагъымрэ Іэщым кьит хьерымрэ хохъуэ. Іэмал зиІэ лэжьыгъэхэр механизацІэ ящІ. Абы емызэшыжу пэрытщ колхозым и инженерхэр - Къэрмокьуэхэ Хьусенрэ Залымрэ, Шыгъуэ Мусэбий, ЩомахуэхэАскэрэ Лолэрэ.

Хозяйствэм зэрызиІэтым, гъавэм и бэвагъымрэ Іэщым кьит хьерымрэ зэрыхэхъуэм папщІэ, 1966 гъэм лэжьакІуэ пашэ гупыщхьэм орденхэмрэ медалхэмрэ кьратащ. Къардэн Барэсбий Гуащіэдэкім и Бэракъ Плъыжь орденыр кьыхуагъэфащэ.

Колхозым хэхъуэу иІэри и екъуІэныгъэхэри абдежым кьыщыщэтеувыІэрхьым. Абы и кьулеягъым хохъуэ. 1971 гъэм «Зеикъуэм» и лэжьакІуэ гъуэзэджэхэм етІуанэу орденхэмрэ медалхэмрэ кьрат, хозяйствэм и тхьамадэ, лэжьыгъэфІым и кьыззэпэщакІуэ Къардэн Барэсбий аргуэру Гуащіэдэкім и Бэракъ Плъыжь орденыр и бгъэм кьыхалъхьэ.

1970 гъэм кьыщыщІэдзауэ хозяйствэм кьэралым зы илъэсым ирищэт шэуэ тонн мин 24-м нэс, лыуэ тонн 650-м щІигъу. А зэманым «Зеикъуэм» былым 6.000, мэл 35.000-рэ, адыгэш 1000 хуэдиз зэрихуэрт, джэдкъэз фермэшхуи иІэт. Арагъэнэрт лэжьакІуэ гупыщхуэм орденхэмрэ медалхэмрэ аргуэру щыхуагъэфащэр. Мыбдежми Барэсбий кьратащ Октябрь Революцым и орденыр. Дамыгъэ пльапІэхэр кьахьащ лэгупжьэ Шыкіэбахъуэ Кашиф, жэмышхуэ Къардэн Хьусенрэ Шурдым Лидэрэ, фермэм и унафэщІ Токъмакъ Мухьэмэт, Щомахуэ Хьэрэбий...

Зыми жиІэфынкъым Къардэн Барэсбий колхозыщІэм и унафэщІу зэрыхахамкІэ кьуэжадэхэр щыІауэ. Шыуэ дэнэ кьэна, колхозыр абы дэунащ, щыхухэм я псэукІэр ефІэкІуащ, гъэ кьэс гъавэ бэв кьитрахауэ, Іэщым кьит хьерым хэхъуэу, угъурлыуэ лІэщІыгъуэ планэм щІигъукІэ ар а Іэнатіэм пэрытащ.

Іуащьэмахуэ районым Зеикъуэр щыхэтам, Барэсбий пэжжьэкІэ кьыбгъэдэтащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Бырс Анзор, ордензехьэху Абазэ Ибрэхьим, Пщыгъуэтыж Абубэчыр сымэ. Бахъсэн щыналъэм гухьэжа нэужьи, абы и чэнджэщэгъут, и ныбжьыгъут Бахъсэн щыналъэр зэрыгушхуэу щыта колхозыр зэрагъэпсэху Бгъэжнокьуэ Хьэмар сымэ. «Зеикъуэм» иІэ екъуІэныгъэхэм щыгъуазэт партым и обкомымрэ Министрэхэм я Советымрэ я унафэщІэхэр. ЛэжьыгъэфІым кьыпэкІуэрт хозяйствэм зэхьэзэхуэм увыпІэ ІыгъэкІэр кьыщыхуагъэфащэнри, я цІэ фІыкІэ кьрагъэнри, дамыгъэхэр, саугъэтхэр кьратырнри.

Барэсбий, Іуэху дапщэ хуэзтримыхьэми, езэшыртэкъым. Пэжагъ зыхэлъ сыт хуэдэ дэІэпыкъунигъэри, Іуэхурэ кьыбдиІыгъырт, зыкьыпщІигъакъуэрт, ауэ пцІыкІэ кьуажэ сыт хуэдэ Іуэхуфіри кьежьулІэрт. Колхозым и мылькуКІэ Зеикъуэм щаухуащ кьуажэхэцІуэЦІ гъэзгу зекІуапІэхэр, кьущхьэхъущІым уеэзышалІэхэр, губгъэм уэзрыкІуэф, жьлэ гъунэгъуэхэр зэпызыщІэ гъэзугъэхэр (Зеикъуэ - Абзуанхьэбла - Кьуэнхьэблэ), Бахъсэныпсым уэзрыэзэпрыкІ лъэмыж инхэр, нэгъуэщІхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Бахъсэн щыналъэм я унафэщІхэм я дэІэпыкъунгъэхэр, адрей кьуажэхэми хуэдау, Хьэтіохъуащкъуей Илщэм зиужьащ, ухуэныгъэшхуэхэр щекІуэкІащ. Сыт дэбгъуэн Зеикъуэ сымаджэщым? Ар республикэм къабзагъэкІи, сымаджэм еІэзэнкІи, гупыр узыншэу лэжьэнымкІи щыяпщ. Поликлиникэм и лэжьыгъэри гъуэгу захуэ тетщ. Хэт ар зи фІыгъэр? Дауи, дохутыр нэхъыщхьэ КІуэкІуэ Светланэщ, абы и дэІэпыкъуэгъуэрщ.

Хэт зи фІыгъэр Къэзанокъуэ Жэбагъэ и цІэр зезыхьэ уэрам кІыхьыр асфальт зэращІар, кьуажэ тыкуэнхэм я бжыгъэм зэрыхэхуар, автопавкэхэм кьущхьэхъуэм, Іэщхьэрэм сату дащІу кьызэззыгъэпэщар, колхозым Іэщым кьыпих хьерыр къэралым ещэным хуэгъэхьэзырыным, продукцэм и фІагъэр кьэІэтыным, и уасэр и чэзум тэмэму Іэрыгъэхьэжьым теухуауэ дэІэпыкъуэгъуфІу щыта Зеикъуэ тхьылкъуей заводыр езыгъэхуар, хэт кьуажэм курыт школу пІІы дезыгъэщІыкьар? Аэр мащІэкъым. ЯщІэ ар кьуажэдэс псоми. А Іуэхуфіхэм Барэсбий и фІыгъэ хэлъщ.

Къардэным орденищым и закъуэкъым дамыгъэ лъапІэу кратар. Барэсбий иІэщ медалхэри. Абыхэм ящыщщ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэщхуэм и зэманым хьэлэлу зэрыпхъэм папщІэ», «В. И. Лениныр къызэралъхуэр илъэси 100 зэрырикъуам пап-щІэ», «Совет Армэмрэ Флотымрэ илъэс 30 зэрырикъуам папщІэ». Барэсбий хэтащ КПСС-м и ЦК-м РСФСР-мкІэ и Бюромрэ РСФСР-м и Министрэхэм я Советымрэ Ростов къалэм щрагъэкІуэкІа, мэкъумэш лэжьакІуэ пашэхэм я зэІущІэм. Абы иІэщ 1967 гъэм колхозым щІэп Іэкъыпмкіэ КъБР-м япэ увыпІэ зыхьзэрыщихьам папщІэ СССР-м и ВДНХ-м зэрыхэтам и щыхьэт тхьылъ, медаль, нэгъуэщІхэри.

ЗЭМАН докІ. Къардэн Барэсбий Бахъсэн Іэдэт гъэхьэзырыпІэ базэм, зи лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ иІэм, и тхьамадэу яГъэкІуэ. Щіэх дыдэуи лэжьыгъэр тэмэму зэтрегъэувэж. Ауэ иджы Зеикъуэ кьуажэр зыхиубыдэ щІыналъэм апхуэдэ гъэхьэзырыпІэ базэ щаухуэн хуей мэхъу. 1989 гъэм Барэсбий абы кьоКІуэж. Ухуэныгъэшхуэм щІадзэри, заготпромым и кьаруКІэ базэм дащІыжь тонн 1.000 зырыз зыщІэхуэ щІыналъэрэ щІэлъхьэпІэрэ. Быдэу, екІуу, щхьэ телъу ящІ базэр, кьатитІу зэтет конторэр, и лъабжьэм тыкуэн щІэту. Абы епхат Зеикъуэ, Хьэтіохъущкъуей Ищхьэрэ, Исльэмей, Жанхъуэтекъуэ кьуажэхэм дэт тыкуэну зыбгъупщІым щІигъу, ухуэныгъэм хуэщІа цех-Іус зэрыщэтрадзэ щхьэпэлъэкъэрт.

И лэжьыгъэфІхэм кьыпэкІуэу Барэсбий «Совет потребительскэ кооперацэм и отличник» цІэр кьыфІащащ 1994 гъэм.

Потребительскэ кооперацэм зиужьыным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІам икІи Урысейм и потребительскэ кооперацэр илъэси 165-рэ зэрырикъуам пыщІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр потребсоюзым и Іуащьэмахуэ коопзаготпромым и лэжьыгъэм ЩІыхь тхылъ кьыпэкІуащ.

Барэсбий бын узыншэ кьыщІэнащ. Зэщхьэгъусэхэм гуфІэгъуэ куэди зэдалъэгъуащ. ГъащІэм нэщхьеягъуи кьыщыхъущ. И щхьэгъусэр гуныкъуэгъуэншэру пэжьэным, сабийхэр зэрыгъэсэным, егъэджэным теухуауэ я ешэн и пащхьэм щигъэувыжа кьаланхэр КІуэкІуэ емызэшу игъэзэщІащ. Я бинищыр хабзэ-нэмыс, пэжагъ яхэлъу ГъащІэм хопсэуж. И куэд нэхъыжь Ахьмэд медицинэм щэныгъэхэм я кандидатщ, КъБР-м уэзешшагъэр хьуамэнымкІэ и министру илъэси 9-кІэ лажьащ, абы и щхьэгъусэ Ларисэ дохутырщ. Я шыпхъу Марьяни дохутырщ, Ныр Анатолэ и щхьэгъусэщ. Хьэчим, щІалэ нэхъыщІэр, Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ КъБР-м и Ассоциацэм и лІыкІуэщ, Мэшыкъуэ и малъхъэщ.

Си тхыгъэм и кІэхьыу адыгэлІ щыпкъэу щыта Къардэн Барэсбий хуэзгъэфащэ усэхэм ящыщ пычыгъэу фи пащхьэ изолъхъэ:

ТкІуэпс щыгъэр Іуфэм кІэрипхъэу,
Къурш зэвхъэм Бахъсэн къыдоплъ.
Хы ин хуэкІуэныр гуращэу,
Йожэх ар - гъуэгу кІыхь пэщылъщ.
Зеикъуэу къуажэжь Іумахуэр
ПІэщІыгъэ куэдым пхыкІащ.
Іущрылъху къуажэм щапІахэм
ЛІыхъужь куэд къахэкІащ.
Ващущт Къардэнри абыхэм,
Тхьэмадэу бэм уахэтащ.
Гъавэм бэвагъыу иІахэр
Лэжьакіуэм фІыгъуэ хуэпщІащ.
Зылі быну зэкъуэфІзэуваxэр
Пэжьгъэм зэришэлІащ,
Іэщышхуэу хъун кІыр хэтащ
Я бжыгъэм лъапкъыфІ хуэхъуащ.
Гъэшшхуэ, лышхуэ зытахэм
Бгъэгушхуэу уэ уехъуэхъуащ.
Зманыр уэ гъуэжэм уиплъажу,
Мылькушхуэ къуажэм дэплъхьащ.
Уи гъащІэ гъуджэм уиплъажу,
Бэм берычэт яхэпхащ.
ДЫГЪАФІЭ Хьэмидбий.
Зеикъуэ къуажэ

Зеикъуэ щекІуэкІа зэхуэсышхуэм хьэщІэ щІэрыІуэ куэд кьрихьэлІат. *1972 гъэ*

КъБАССР-м и Правительствэм и Унафэщ Къущхьэ КІыщыкъуэ и хьэщІэщ. *1975 гъэ*

● Бахъсэн щыналъэ

ЗэуІуу, купщІафІэу икІи гукъинэжу

Зи ныбжь хэкІуэтахэр гъэлъэпІэным теухуауэ Бахъсэн районым мазэкІэ щрагъэкІуэкІа Іуэхугъуэ гукъинэжхэм жылагъуэ псори жыдэжьу хэтащ. Къуажэ администрацэхэр я щІэгъэкъуэну, ар къыхэригъэпэщащ цІыхухэм зэуІуу социальнэ Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ щІыналъэ центрым. ГуфІэгъуэ зэІущІэ псоми хэтащ «Бахъсэн муниципальнэ районым и «КЦСОН» ГКУ-м и унафэщІ Къэнэмэт Юрисльам, пенсионерхэр я щІыналъэ зэгухьэныгъэм и тхьамадэ Къаздахъу Олег, къуажэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр. ЖьыкІэфэкІэхэм яхуэфащэ пщІэ хуащІащ: нэгузегъэужь Іуэхугъуэхэр, хуагъэхьэзыращ, концерт купщІафІэ ирагъэпльащ, гуфІэгъуэ Іэнэ кьыхуащтащ. Мазэм къриубыдэу нэхъыжьхэм псалъэ ІэфІ куэд хужаІащ, гум кьыбгъэдэкІ хуэхъуэхэр ящІэсащ, узыншагъэ быдэрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу иджыри куэдрэ яхуэпсэуну зэрагуапэр кьыхагъэщащ. ГъащІэм и пІалъэ зыщІэ нэхъыжьыфІхэми зэхуаІуэтэжым я мащІэтэкъым. Абыхэм кьащыдэхуэм, зэхуэсахэм я Іэгуаузм щІэту, лъэпкъ макъымэм зыкъыдагъэзащ, нэхъыщІэхэр я лъэгу щІагъэпльащ.

«БАХЪСЭН муниципальнэ районым щІыхуэм зэуІуу социальнэ Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ и центр» ГКУ-м и унафэщІ Къэнэмэт Юрисльам кьызэрыхигъащамкІэ, зи ныбжь хэкІуэтахэр гъэлъэпІэным теухуауэ мазэкІэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм я иужьрей зэхьэхьэри хуабжьу гукъинжу щыта. Махуэ щэщІым къриубыдэу зыхунэсамрэ яхуэзфІэкІамрэ «Насыпэ» рестораным щызэхалъхьажати, лэжьыгъэ щхьэпэ зэфІахауэ яхалъытащ. Абы ирагъэблагъат зи ныбжь хэкІуэтауэ, нэхъ пщІэ зиІэу районым щыпсэу нэхъыжьыфІхэм ящыщу щищым нэблагъэ. Бахъсэн щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Къэнэмэт Рустам гуфІэгъуэ зейхэм хьэхуэхукІэ захуигъэзащ икІи шыІэныгъэшхуэ зэрахэлъым, гуузэ-лыуэ зэраІэм, я чэнджэщ Іущхэмкіэ кьадэгуэлэну зэрыхьэзырым папщІэ псоми фІыщІэ яхуищІащ.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныр зэрыщыта дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Пенсэ фондым я лІыкІуэхэр, жылагъуэхэм я унафэщІхэр, Бахъсэн районым и раис-Іиламыр.

А махуэм нэхъыжьыфІхэм я саугъэтхэр щыІэнальэм и творческэ гупэхр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и эстрадэм и вагъуэхэр зыхэта концерт программэ купщІафІэ яГъэхьэзыращ, псоми яхуэфащэ гулъытэ лъагъэсащ. Езыхэри нэхъ щІалэ, нэхъ жьыджэр къэхъуауэ, загъэпсэхуарэ я нэгу зиужьауэ зэбгрыкІыжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Налшык

ЩІымахуэр къоблагъэ

Хьэтіохъущокъуэм и хадэр дыгъэгъазэм, щІышылэм, мазаем хуагъэхьэзыр.

«НАЛШЫК и паркэмрэ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэмрэ» Іэужущапіэм и лэжьакІуэхэмкІэ мы лъэхъэнэр нэхъ гугъуэхэм ящыщщ: дунейр къызэщІщІэным нэмыс щыкІэ лъэныкъуэ ирагъэзэн хуейщ тхьэмпэу кьыпыщощар, абыхэм я щІагъыр хьэпІацІэ тІысыпІэ мыхъун папщІэ. Ахэр псынщІэрыщІэу Іуашри, абы хухаха щІыпІэхэм щызэтракІутэ. Иджыблагъэ щІыІа жьышхуэри Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэмкІэ Іэужьынщэ хъуакъым - кьудамэ гъуахэр дэнэкІи щІрипхащ. Ахэр зэщІагъэкъабзэ, щІыІэм щышынэ гъэпсахэр ирахыжащ. ЩэкІуэгъуэм ящыкъм паркым и лъэс зекІуапІэ нэхъыщхьэхэр зыгъэдахэ роззэкъм я лъабжьэри щІауфэнуц.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Сыт анэхэр зыгъэпІейтейр?

«Урысейм и гугъапІэ» цІыхубзхэм я урысейпсо зэщІэхъееныгъэм Лэскэн щІыналъэм зэхуэс щриГъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ а зэгухьэныгъэм и мыхьэнэмрэ и къалэн нэхъыщхьэкэмрэ, кьэралым и жылагъуэ зэхэтыкІэм, экономикэм зегъэужьыным цІыхубзхэм хуащІэфыну хэлъхьэныгъэхэм, унагъуэмрэ бынымрэ ехьэлІа Іуэхугъуэхэм.

ЗэІущІэм ирагъэблагъа цІыхубзхэм и гугъу ящІащ мы зэманым анэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэ куэдым, псэупІэ-коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ яІэ гукъеуэхэм, лэжьапІэнщагъэм, нэгъуэщІхэми.

Мы зэІущІэм кьыщащта унафэм икІи иткІэ Лэскэн щІыналъэм кьыщызэІуахащ «Урысейм и гугъапІэ» зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ къудамэ. Абы и унафэщІу хахащ Нало Анжелэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Тхыдэм и гъуджэ

● Гъуазджэ

СурэтыщІ Гъуазджэхэмкіэ музейм щокІуэкІ «Революция 1917 года. События и люди» выставкэр.

МУЗЕЙМ и унафэщІ **Ремхен Еленэ** къыхигъэщащ Октябрь революцэм техуа лэжьыгъэхэр къыралым, республикэм я сурэтыщІ, усакІуэ, тхакІуэ куэдым я Іэдакъэ къызэрыщІэкІар. Революцэр илъэси 100 щрикъум ирихьелІэу утыку кърахьащ фондым щахъумэ сурэтхэр. Ремхен жиІащ ХХ лІэщІыгъуэм къаралым къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм щІэблэр хэгъэгъуэзэнымкІэ тхыдэм и гъуджэ а лэжьыгъэхэр къызэрыщхьэпэнур, я Іэхъущлапіэм ныбжьыщІэхэр кърашэлІэну зэрыщыгугъыр.

- ЛІэщІыгъуэкІэ уэзІэбжьыкъмэ, къэхъуа революцэмрэ цІыхубэр абы зэрыІущІамрэ мы лэжьыгъэхэм хуэдэу uи нэгу кІыщІэзыгъэхьэ къэгъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэ зы сурэтри узыгъэгупсысэщ, тельыджкІэ, - жиІащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** выставкэр къыщызэІуихым. - Тхыдэм и напэкІуэцІ гуэзвэгъуэхэм къытрамыгъэзэжыну, къэралым мамырыгъэрэ гуфІэгъуэрэ илъыну, ар ефІэкІуэну, зиужьыну ди гуапэщ!

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщщкіэ ЗэщІэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгухьэныгъэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІ **Абдуллаев Мустэфа** гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ яхуищІащ. Абы жиІащ тхыдэм и пэжыр щІэблэм ирагъуэщІхэми. Даум жиІащ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа цІыхухэр гугъуехьхэм кІаэзрыпимыкІуэтар.

Искусствовед **Сындыку Нелли** зэхьыхьэм зыкъэрезыгъэхьэлІахэр хигъэтуэзащ выставкэм щагъэлъагъуэ сурэтхэр зи Іэдакъ кІыщІэкІа художникхэр ХХ лІэщІыгъуэм къэралым къыщыхъуэ зэхъуэкІыныгъэхэм игъэгъавзу зэрыщытам, тхыдэм и пэжыр къагъэлъэгъуэну ахэр зэрыхущІэкъуам. Абы зэІущІэм хэтхэм и гугъу яхуищІащ и щхьэгъусэ сурэтыщІ **Сындыку Анатолэ** республикэм и революционер цІэрыІуэхэу Гъурф зэкъуэшхэм я ятриухуа сурэтым икІи абыхэм яригъэщІыхуащ. Гъурф зэкъуэшхэм я щІэблэу выставкэм къекІуэлІахэр.

Музейм и фондым и хъумакІуэ нэхъыщхьэ, Урысейм и цІыхубэ Іэпщлъапщлэ **Моккаев Владимир** къыхигъэщащ республикэм и сурэтыщІхэм къащІэна, гъуаздджэм и хъугъуэфІыгъуэхэр яхъумэну, абыхэм цІыхухэр щагъэгъуэзэну зэракъалэныр.

КЪБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий** тхыдэр зыщагъэгъупщІа зэрымыхъунур жиІащ икІи музейм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ, гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэрагъэпэщам папщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Толгуров Тэмал** *трихащ.*

● Нобэ ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

МурадыфІхэр зи куэд

ЩІалэгъуэм къыпхилъхьэ къарур зыми ещхькъым. ГъащІэм лъэ быдэкІэ ухэувэху, а къарум укъызэщІелэтэ, уигъэгушхуэу къыбдогъуэгурыкІуэ. А ныбжьым щитым дежь цІыхум куэд дыдэ лъэкІынущ. Нэхъыщхьэр щІалэгъуэ къарур пщІэнщэу умыгъэкІуэдыныщ. ИкІи ар и чэзум къэзыгъэсэбэпу Іуэхущ1афэ щыпкъэхэм хуэзыунэтІыфым и насыпщ. Апхуэдэущ зэрегупсысыр КЪБР-м и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Гугъуэтыжь Ахьмэд.

Гугъуэтыжь Ахьмэд

ЩІАЛЭГЪУАЛЭР фІым и телъхьэу, хэкупсэу къэхъунымкІэ куэд дыдэ зэлъытар и адэ-анэращ. Унагъуэращ къыщежьэр сабийм и гъэсэныгъэри, и къэкІуэнри. Унагъуэ дахэ къыхэхъукІа Ахьмэд сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэщ къыдэкІуэтей щІэблэм я дежкІэ.

Курыт школыр фІы защІэкІэ къэзыуха ныбжьыщІэр Іэщ1ачъэгъэхэм щ1ахэдэм, абы экономистыр къыхихри, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралмэкъумэщ университетым управленэмкІэ и институтым и бакалавриатым щІэтІысхьащ. Иджыпсту Бизнесымрэ къэралуправленэмрэ унэтІныгъэм и магистратурэм и 2-нэ курсым щоджэ. Абы къыдэкІуэу Гугъуэтыжьыр КъБМКъУ-м Управленэмкіэ и институтым и студент зэгухьэныгъэм и унафэщІщ, ещанІэ нэхъыщхьэм щІэзыгъэтІысхьэ и комиссэм хэту илъэсиплІ хъуауэ мэлажьэ.

ЩІэныгъэм зи лъагъуэ щыпхэзышыну мурад быдэ зыщІа Ахьмэд журнал цІыхуІэхэм къытрыригъэдзауэ щІэныгъэкъэутэныгъэ лэжьыгъэу 20-м нэс иІэщ. Абыхэм къищІынэмыщІауэ, урысейпсо конференц зэхуэмыдэхэми зыбжанэрэ и лэжьыгъэхэр утыку щрихьащ. Гугъуэтыжьыр хэтащ Владикавказ, Ставрополь, Пятигорск, Дон Іус Ростов, Волгоград, Магас, Назрань, Саратов, Москва къалэхэм, Дагъыстэным, Ингушым, Щэщэным щекІуэкІа зэхьыхьэ зэхуэмыдэхэм. Дэтхэнэми и лэжьыгъэр щыпхъугъэкІауэ, и цІэр фІыкІэ щыІуауэ, екъуІэныгъэ щызыІэригъэхьауэ апхуэдэщ. ФІы дыдэу зэреджэр, университет гъащІэм жьыджэру зэрыхэтыр къалъытэри, республикэм и Іэтащхьэм и цІэкІэ щыІэ стипендиер къыхуагъэфэщащ щІалэщІэм.

Ахьмэд зыІэригъэхьа екъуІэныгъэхэм щытепсэлъыхькІэ къыхэгъэщ а пСори зи фІыщІэр чэнджэщ кърит зэпыту, ІуэхуфІхэм тригъэгушхуэу сыт щыгъуи дэІэпыкъуэгъу къыхэхъу, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Жангъураз Жансурэту зэрыщытыр.

Еджэным щыдэкІуэу щІалэщІэм нэгъуэщІ лэжьыгъи ирехьэкІ. Ар илъэс кІуам и жэпуэгъуэ мазэ лъандэрэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІщ. Къыхэгъэщыпхъэщ Гугъуэтыжьым Парламентым лэжьыгъэшхэр зэрыщигъэзащІэр. Абыхэм ящыщщ КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым и Унафэщі Азыфэ Светланэ я пашэу адыгагъэм, адыгэ хабзэм, адыгэбзэм ехьэлІауэ проект зыбжанэ къызэрагъэпэщауэ, бзэм фІыуэ хэзыщІыкІ, ирилажьэ щІэныгъэлІэр я дэІэпыкъуэгъу районхэм щыІэ школхэм кІуэурэ зэІущІэхэр зэрыщрагъэкІуэкІыр. Нэхъыбэу а лэжьыгъэхэр зыхуэгъэпсауэ щытыр еджакІуэхэм адыгэбзэр игъэшэрыуэу егъэсэныщ, я бзэр, я хабзэр Іущ1ыб ямыщІыным, я блэкІам зыщагъуэзэным хуэущиныщ.

Мурадыфіхэр зи гъуэгуГъэлъагъуэ, Іуэхугуэу дахэхэр зи Іэужь Гугъуэтыж Ахьмэд и екъуІэныгъэхэм хигъахъуэу, ди щІыналъэм ифІ къызэрыкІ Іуэхущ1эхэр къыпкъырыкІыу, и Іэнатіэкіэ, зэрІэкІкіэ, щІэныгъэкіэ лъагапІэщІэхэм нэсыну ди гуапэщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Бжыгъэшхуэр къаІуроІэфІэ

● Футбол

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:3 (0:1). Ряздвяный. «Факел» стадион. ЩэкІуэгъуэм и 8-м. ЦІыху 200 еплъащ.

Судьяхэр Ермаков (Краснодар), Тибилов (Ардон), Петров (Астрахань).

«Динамо-Ставрополь»: Вяльчинов, Волобуев, Муратов, Колесников, Белозеров (Нефетиди, 82), Наталич (Бакланов, 7), Магомедов, Супрун (Кондрюков, 19), Кириченко (Егиазаров, 77), Волков, Есиков (Абдокъуэ, 76).

«Спартак-Налшык: Антипов, Лелюкаев (ЖЫлэ, 80), Шахтиев, Муслуев, Абазэ, Миронов, Магомадов, Медников (Абидинов, 71), Каркаев (Мэшыкъуэ, 86), Алиев (Ашу, 87), Лпуп.

Топхэр дагъэкІащ: Магомадовым, 14 (0:1). Лпупым, 55 (0:2). Лпупым, 89 (0:3).

Дагъэ къыхуащІащ Алиевымрэ Лпупымрэ.

Джэгум къыхахуащ Магомадовыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэ фІэкІа щытемыкІуэу футбол турнир таблицэм и кІэух увыпІэм щыщыт «Динамо-Ставрополь»-м щыдэджэгум, «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Трубицын Сергей зригъэзэпсэхуну мурад ищІащ и футболист нэхъыфІхэу гъуащхьэ зэІущхьэ Борис, гъуащхьэхъумэныкъуэ Пащты Руслан, гъуащхьауэ Гугуев Магомед сымэ. Ар щыгугъащІ гугъу емыкІыщІу текІуэныгъэр зыІэригъэхьэну икІи щыуакъым.

Ставрополь щыІэ стадионым и щытыкІэр зэрымыщІагъуэм къыхэкІыу хэгъэрейхэм я зэІущІэхэр Рыздвяный къуажэм щрагъэкІуэкІ. Ауэ абыи и джэгуплІэ губгъуэр фІыуэ пхужьІэнукъым. Аращ зи зэраныр мы зэІущІэм и япэ дакъикъэ тІощым къриубыдэу «Динамо-Ставрополь»-м и футболистым фэбжь ягъуэту, щІахъуэжам.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм и япэ къекІуэкІыгъуэм «Спартак-Налшыкыр» ставрополдзэсхэм бжыгъэшхуэкІэ, 4:1-уэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щытекІуат. Иджыри ди щІалэхэр гугъу зэремыхьынур джэгум и пэщІэдзэм къигъэлъэгъуащ. ЕпщыкъуплІанэ дакъикъэм Магомадов Ченгиз и хьэрхуэрэгъуэм топыр къатрихщ, гъуэм бгъэдыхьэри, бжыгъэр къызэІуихащ.

Псынщ1эу япэ зэрищам налшыкдзэсхэм Іэмал къаритащ джэгур зэрыуейм хуэдэу адэкІэ зэтраухуэну. ИпкІ-иль хэмыту абыхэм зыкъагъэлъагъуэрт, ягу къыщІихьэм ебгъэрыкІуэрэ, адрейм загъэпсэхужу. «Динамо-Ставрополь»-м апхуэдэ щытыкІэм зыри хуещІэрэтэкъым. Пэжщ, зэІущІэм и япэ Іыхьэр иухьным нэблагъэпаэу хэгъэрейхэр къызэпхуІащ. АрщхьэкІэ игъуэта фэбжьым иужькІэ иджы япэу мы гъэм «Спартак-Налшыкым» и гъуэм дэт Антипов Антон топым къриГъэгъэзащ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэр япэм къызэрыщхьэщыкІыщхуэ щыІакъым. Аргуэрыжьи, абы и пэщІдзэм налшыкдзэсхэм хэгъэрейхэм топ худагъэкІащ. Пуп Исльам «Динамо-Ставрополь»-м и гъуащхьэхъумэжьым я къэзыщхьэщыкІыщхуэ щыІакъым. Ауэ абыи и джэгуплІэ губгъуэр фІыуэ пхужьІэнукъым. Аращ зи зэранр мы зэІущІэм и япэ дакъикъэ тІощым къриубыдэу «Динамо-Ставрополь»-м и футболистым фэбжь ягъуэту, щІахъуэжам.

Ди щІалэхэм я тепщэныгъэр апхуэдизу инти, джэгур зэІушІыгъуэ дыдэ хъурт. Ар щилъагъуэм судьям щІэщыгъуагъэ абы хилъхьащ: зэІущІэм бжыгъэр къыщыдзэІуэзыха Магомадовыр губгъуэм къриухащ. Иджы хэгъэрейхэр зы цІыхукІэ нэхъыбэти, ебгъэрыкІуэнумэ хуитт.

Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» и джэгукІэр ихъуэжакъым. Уеблэмэ, «Динамо-Ставрополь»-м Іэмал гъуэзэджэ иритащ зэ нэхъ мыхъуми къыхэжаныкІыну - топыр къиубыдыну Антиповыр къыщыджэным, лъэпэрэпащ. Кондрюковыр гъуэ нэщІым еуащ. АрщхьэкІэ Муслуевыр лъэщІыхьэри, топым къригъэгъэзащ.

Мыбы и пэ ита зэІущІэм бжыгъэшхуэкІэ зэрыщытекІуар «Спартак-Налшыкым» къыІуроІэфІауэ къыщІэкІынущ. Ещанэ топри абы хэгъэрейхэм яхуди-гъэкІащ. БлэкІа джэгугъуэми хуэдэу, Лупыр етІуанэуи къыхэжаныкІащ - 3:0.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ «Ипщэ» гупым иужьу щыгъэхэта джэгугъуэм кърикІуэ бжыгъэхэм: **«Академия»** (Дон Іус Ростов) - **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **1:4**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Іэфыпс»** (Іэфыпс) - **«Анжи-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **6:1**, **«Армавир»** (Армавир) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **3:0**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - **«Кубань-2»** (Краснодар) - **4:1**, **«Чайка»** (Песчанокопское) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **3:1**, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **1:2**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэжьнущ. ЩэкІуэгъуэм и 12-м абы къригъэблэгъэнущ «Чайка» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	**«Іэфыпс»**	17	14	2	1	33-8	44
2.	«Армавир»	17	13	3	1	38-9	42
3.	«Краснодар-2»	17	11	2	4	39-15	35
4.	«Черноморец»	17	9	3	5	27-14	30
5.	«Чайка»	17	8	5	4	19-11	29
6.	«Биолог-Новокубанск»	17	8	2	7	19-21	26
7.	«Легион Динамо»	17	7	4	6	17-15	25
8.	**«Спартак-Налшык»**	17	6	6	5	25-16	24
9.	СКА	17	6	6	5	23-18	24
10.	«Академия»	17	6	4	7	16-26	22
11.	«Дружба»	17	6	2	9	14-29	20
12.	«Ангушт»	16	5	4	7	16-26	19
13.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	16	4	4	8	12-15	18
14.	«Анжи-2»	16	4	3	9	19-26	15
15.	«Спартак-Владикавказ»	16	4	3	9	15-25	15
16.	«Кубань-2»	16	2	0	14	12-39	6
17.	«Динамо-Ставрополь»	17	1	3	13	15-44	6

Налшык къалэ щекІуэкІ «Старты надежды» зэпеуэм спортым и лІэужьыгъуэ зыбжанэмкІэ щызэпоуэ зи уэзыншагъэм сэкъат иІэ сабий 60. апхуэдиз дыдэ мэхъу абыхэм ядэІэпыкъуэ волонтёрхэм я бжыгъэри.

● Зэпеуэхэр

Гугъэм и къежьапІэ

БОЧЧЕ, голбол, тхэквондо, парамарафон (псым есын, пауэрлифтингт, атлетикэ псынщІэ), шабэзэрыуэ зэпеуэхэр ящыІэ ещанэу зэхашэ. Абы хэтынухэм ягъэлъагъуэ илъэсым къриубыдэу зрагъэгъуэта екъуІэныгъэхэр. Зэпеуэхэм хэтынухэм майкэ зэшІохэр, сауГъэтжьмрэ медалхэмрэ хуагъэхьэзыращ.

Къыхэгъэщыпхъэщ: зи узынишагъэм сэкъат иІэ сабийхэм я спорт школу (ДЮСАШ) Кавказ Ищхьэрэм зы закъуэщ щыІэр, ари Налшык къалэ дэтщ. Абы къокІуаІІэ зи лъакъуэр къызыщІэмыувэхэр, и нэкІэ, тхьэкІумэкІэ, псантхуэкІэ сэкъат зиІэхэр. ЦІыкІухэм я узым елъытауэ щхьэж хуэхха спорт лІэужьыгъуэм хэту. НобэкІэ ДЮСАШ-м сабии 130-рэ йокІуаІІэ.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

● Бгы-лыжэ лъэхъэнэ

Нэхъ пасэу зэрыщІидзам къыхокІ

Ди газетым зэрытетащи, «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ АО-м мыгъэрей щІымахуэ бгы-лыжэ лъэхъэнэр щэкІуэгъуэм и 5-м къызэІуихащ. Ар нэгъабэрейм елъытауэ зы мазэкІэ нэхъ пасэщ.

БЛЭКІА зыгъэпсэхугъуэ махуищым Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм куэду къэкІуащ бгы лыжэрэ сноубордкІэ къэжьхьыныр зи щІасэкэр. Абыхэм я нэхъыбапІэр ди къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къкІащ.

Азау хуейм щыІэ билетщащхэм деж пщэдджьжьыпэм къыщыщІэдзауэ туристхэмрэ спортсменхэмрэ чэзуэуэ щыІэзэхуащ. Мы махуэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэпсэхуакІуэ куэд къызэрыкІуар и фІыщІэщ дунейр уэфІу, дыгъи къепсу зэрыщытамрэ бгы нэкІухэм уэсыр Іуву къызэрыщытритлъхьамрэ.

«ЩІэкІуэгъуэ» зэфІащІауэ уасэ гъэувыкІэм ипкъ иткІэ, мазэ дызэрытым ирыбыдэу лыжэ лъагъуэхэр, абыхэм я зэхуаку дэт станцхэр махуэм и кІуэцІкІэ уэзрыхуейм хуэдизрэ къзбгъэсэбэпыну хуит уэщІ магнит карточкхэм (скипассхэм) я уасэу щытынур сом 1000-ш.

Азау хуейм япэу ущхьэщыщышэ кІапсэ гъуэгум фІэкІа махуэ псом и кІуэцІкІ къэзымыгъэсэбэпыныхэм папщІэ уасэу ягъэувар сом 800-ш. Терскол хуауажкІэм и лъабжьэкІэ щыІэ «Чегет» зыгъэпсэхупІэм щхьэщыщЫэтыкІ кІапсэ гъуэгум и «лъэбакъуищи» махуэ псом къриубыдэу къэзыгъэсэбэпыным щІатыр сом 1200-рэщ. Мыдрейуэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ дэнэ лъэныкъуэкІи щиІэ и кІапсэ гъуэгухэм зэ зыкъэІэтыгъуэм и уасэу щагъэувар сом 500-щ.

Курортым и лэжьакІуэхэм лыжэ лъагъуэхэр уэс зыубэ техникэмкІэ мардэм къитІасэу захуэ ящІащ, къежьхьІэхэм нагъыщэхэр, гъуэгуГъэлъагъуэхэр щагъуэващ, джалэу зи Іэпкъльэпкъым дерт зыгъуэтахэм папщІэ Іэмэпсымэ псори щагъэхьэзыращ, шынагъуэнщагъэр къызэзыгъэпэщ къегъэлакІуэхэр чэзуэрэ мэлажьэ.

Мыгъэрей щІымахуэ бгы-лыжэ лъэхъэнэр нэхъ пасэу къызэрихьам къыхэкІыу, щэкІуэгъуэ, зыгъэзащІэ мазэхэмрэ абы къыкІэлъыкІуэну зыгъэпсэхугъуэ мазэхэмрэ къриубыдэу, Іуащхьэмахуэ лъапэ щІэ хьэщІэщ псори зэпэубыдауэ щытынущ.

ТАРИМ Алисэ.

«РусГидро» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Іуэхущ1апІэу КЪБР-м щыІэм, «КЪБР-м и ГЭС мыинхэр» акционер зэгухьэныгъэм я лэжьыкІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуащ КЪБР-м щыхьэІэ и ухуакІуэ **Къэрмокъуэ Хьэчим Мацэ и къуэр** игъуэ нэмысу зэрылІар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

«Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэр электроникэмрэ информацэ технологиехэмкІэ кафедрэм и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд Мацэ и къуэмрэ** прикладной информатикэмрэ математикэмкІэ кафедрэм и доцент **Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мацэ и къуэмрэ** яхуогузавэ абыхэм я къуэш **Къэрмокъуэ Хьэчим Мацэ и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер ЩІДАА-м и академик **Къэрмокъуэ Ахьмэд Мацэ и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Къэрмокъуэ Хьэчим Мацэ и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениум и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьащ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.423 ● Заказ №1420